



Kouman pou w Aplike pou Èd Finansye Federal pou Etidyan yo

Gen èd finansye ki disponib nan men gouvènman federal la, gouvènman eta yo, ak inivèsite ou. Èd yo enkli Sibvansyon Pell, pwogram Travay-Etid, Sibvansyon Sipleman tè pou Opòtinite Edikasyon, ak Prè Etidyan Federal.

Anvan w aplike

Kreye kont Ou sou StudentAid.gov account.

- Etidyan depandan yo dwe gen omwen yon paran ki genyen tou yon Kont sou StudentAid.gov (FSA ID) pou yo ka ranpli epi siyen elektwonikman FAFSA a ak lòt dokiman federal pou èd etidyan yo.
- Kreye li anvan ou chita pou ranpli FAFSA a.
- Vizite studentaid.gov epi klike sou “Kreye yon kont”.

Verifye elijibilite w

Vizite studentaid.gov/aid-estimator pou itilize **Federal Student Aid Estimator** a pou jwenn yon estimasyon sou kalifikasyon ou pou èd federal.

Ranpli FAFSA a

- Vizite studentaid.gov epi ale nan **Fòmilè FAFSA®** a pou w ka kòmanse aplike pou FAFSA a.
- Pou ranpli FAFSA a, ou menm ak kontribitè ou a dwe gen tout dokiman ki nesèsè pou soumèt demann ou a.
- Fòm FAFSA a valab pou yon sèl ane akademik sèlman. Sa vle di ou bezwen soumèt yon nouvo fòm FAFSA chak ane ou aplike pou èd.

Aplike pou Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj New York la (TAP)

- Si w se rezidan Eta New York epi ou mete yon lekòl ki nan eta a nan FAFSA ou a, ou dwe aplike tou pou èd Eta New York la sou entènèt nan Iyen pou rezidan Eta NEW York la nan paj Konfimasyon pou Soumèt FAFSA a.
- Ou dwe aplike pou TAP epi ranpli oswa renouvle FAFSA a chak ane.
- Ou ka aplike dirèkteman nan www.tap.hesc.ny.gov/ totw

Rasanble Dokiman sa yo

- Pou elèv yo ak paran yo:
 - Lisans Chofè
 - Nimewo Sekirite Sosyal.
 - Deklarasyon taks de ane anvan ane aplikasyon FAFSA a.
 - Dosye ki gen rapò ak lòt revni san taks, tankou sipò pou timoun, benefis veteran, oswa alokasyon militè yo.
 - Adrès imèl.

Ki sa ki Pwochen Etap la?

- W ap resevwa yon notifikasyon atravè imèl lè yo fin trete FAFSA ou a epi Rezime FAFSA ou Soumèt la disponib pou revizyon. Asire w ou konekte sou kont ou a pou verifye si tout enfòmasyon ou yo kòrèk.
- Asire w ou reponn nenpòt kesyon oswa demann pou plis enfòmasyon nan dat limit ki endike a, sinon ou ka pèdi kalifikasyon w pou èd finansye.

Rapèl Enpòtan

- Chèche konnen dat limit pou èd finansye yo nan inivèsite ou a.
- Aplike pou èd finansye chak ane.
- Pa peye pou enfòmasyon sou èd finansye ou ka jwenn gratis. Vizite hesc.ny.gov/myths
- Patisipe nan atelye sou èd finansye pou w aprann plis sou pwogram yo ak ranpli aplikasyon yo. Konsilte konseye lekòl segondè w la epi vizite hesc.ny.gov



Higher Education
Services Corporation